

Enfòmasyon ak Resous pou Lokatè pandan peryòd COVID-19 la



Arè pwovizwa ki genyen konsènan fè yon lokatè sòti nan yon lojman an ap fini 24 Jiyè 2020

PALE AK RESPONSAB LOJMAN KI NAN PHILADELPHIA (PHA, PHILADELPHIA HOUSING AUTHORITY) PA W LA KONSÈNAN POSIBILITE KI GENYEN POU YO REDUI PRI LWAYE W LA LAPOULA



Entèdiksyon ki Genyen
Konsènan Fè Yon Lokatè Sòti
Nan Yon Lojman Poutèt Li Pa
Peye Lwaye A



Enfòmasyon Konsènan
COVID-19 &
Enfòmasyon Konsènan
Pwoblèm Sekrite



Pwoteksyon kont
Vyolans Nan Fwaye ak
Pwoteksyon kont
Vyolans Seksyèl



Sèvis ak Resous



Entèdiksyon ki genyen Konsènan Fè Yon Lokatè

- **Èske yo kapab voye yon lèt ban mwen ki enfòme mwen pou m sòti nan lojman an paske mwen pa peye li aprè 24 jiyè 2020?**

Wi. Sof si genyen yon pwolongasyon nan dèle pou yo fè yon lokatè sòti nan lojman an ki efektif selon lwa eta a oubyen selon lwa lokal la, ki kòmanse apati 25 jiyè 2020, PHA pa w la oubyen pwopriyetè pa w la kapab ba ou yon lèt ki enfòme w pou w kite lojman an si w pa peye lwaye a oubyen si w te genyen yon antant avèk li pou w peye li lwaye a. Lwa federal la ak Lwa Sou Sekirite Ekonomik, Ijans Ak Èd Finansye Nan Kad Lit Kont Kowonavirus (CARES, Coronavirus Aid, Relief, and Economic Security Act) la egzije pou lèt yo voye bay yon lokatè pou yo enfòme li pou li sòti nan lojman an lè delè li bout la ba li 30 jou pou piti pou li sòti nan lojman an, men lwa eta a oubyen lwa lokal la kapab egzije yon delè avètisman ki pi long toujou. Si ou resevwa yon lèt ki enfòme w pou w sòti nan yon lojman, ou dwe suiv pwosedi lokal ki konsène pwosedi fè yon lokatè sòti nan yon lojman an. Si ou santi fason yo mande w pou w soti nan lojman an pa kadre ak sa lalwa di, kontakte òganizasyon ki bay èd ki nan lokalite w la oubyen kontakte ajans sèvis sosyal ki nan lokalite w la. Si w se yon moun ki nan pwogram Chèk pou lojman, ou kapab kontakte PHA ki nan lokalite w la tou. Si w se yon moun ki nan pwogram lojman publik, ou genyen dwa pou w kòmanse yon pwosedi règleman konfli jan sa ekri nan kontra lwaye w la.

- **Kisa pou mwen fè pou m kapab evite yo fè m soti nan yon lojman si mwen pa peye lwaye mwen dwe a?**

Ou toujou dwe lwaye a epi kòb la ogmante si ou pa t peye li. Si ou genyen yon kòb lwaye ou pa peye, pale ak PHA pa w la lapoula konsènan chwa ki genyen pi ba yo:

- (1) Si revni ou diminye oubyen **kondisyon ekonomik ou chanje** sa ki fè ou vin gen difikite pou w peye lwaye w la a lè a, mande PHA pa w la pou li sètifye revni w.
 - ✓ Pou moun ki nan pwogram lojman publik yo ak moun ki nan pwogram Chèk pou lojman yo, PHA ap analize revni aktyèl ou a epi li ap chanje li pou li kapab montre chanjman an.

- **Konsèy!** Si yo pa t bay rapò sou chanjman revni w la vit, mande PHA enfòmasyon konsènan prensip li yo nan kesyon chanjman nan peye lwave ki vin aprè (genyen kèk PHA ki kapab ba yo pèmisyon, genyen kèk PHA ki kapab pa ba yo pèmisyon).
 - ✓ Ou kapab mande PHA si ou kalifye pou yon minimòm franchiz pou difikilte finansye tou. Yo egzize tout PHA yo pou yo bay minimòm franchiz pou difikilte finansye. Ou kapab al li enfòmasyon konsènan Prensip sou Kesyon Dwa ou genyen pou ou Patisipe Nan Pwogram Lojman Biblik ak Nan Pwogram Lojman Lokatè Kontinye Okipe (ACOP, Admission and Continued Occupancy Policy) PHA a oubyen al li Plan Administrif pou ou kapab jwenn enfòmasyon konsènan prensip PHA lokal yo pou ou kapab konnen si ou kalifye pou minimòm franchiz pou difikilte finansye, oubyen ou kapab kontakte PHA dirèkteman.
- (2) Tout moun ki nan pwogram lojman piblik yo ak tout moun ki nan pwogram Chèk pou lojman yo, genyen opsyon pou yo peye lajan lwave yo pa te peye a yon sèl kou apati 24 jiyè 2020. Ni PHA pa w la ni pwopriyetè pa w la pa kapab fè ou peye frè pou reta oubyen li pa kapab fè ou peye enterè pou lwave pou mwa avril, pou mwa me, ak pou mwa jiyè 2020 an.
- (3) Si ou pa an mezi pou ou peye kòb lwave ou pa t peye a yon sèl kou, mande PHA pa w la oubyen mande pwopriyetè pa w la (si ou se yon moun ki nan pwogram Chèk pou lojman an) si ou kapab **antann ou avèk li pou ou peye** li lwave ou pa t peye li a. *Li konsèy ki pi ba a pou ou kapab jwenn plis enfòmasyon toujou konsènan antant sou pèyman dèt lwave a.*
- **Konsèy!** Yo pa t mete \$1,200 a + Alokasyon Gouvènman An Bay Moun COVID-19 La Fè Enpak Sou Ekonomi Yo a (mezi gouvènman an pran pou li kapab fè ekonomi an mache) lè yo kalkile revni w lan. Ou kapab sèvi ak alokasyon sa a kòm yon resous pou ou kapab peye lwave ou pa t peye a. Prèske tout moun ki rezide ki se Sitwayen U.S kalifye pou kalite alkasyon sa a. Si ou poko jwenn yon alokasyon nan kad mezi gouvènman an pran an pou li kapab fè ekonomi an mache a, tanpri ale sou sit entènèt sa a pou ou kapab verifye nan ki sitiyasyon ou ye epi pou ou kapab ranpli yon fòm ki senp: <https://www.irs.gov/coronavirus/get-my-payment>.
 - **Konsèy!** Yo Pa T mete lòt \$600 yo bay kòm alokasyon chomaj tanporè chak semèn nan selon pwovizyon ki genyen nan Lwa CARES la lè yo kalkile revni w lan. Si ou jwenn lòt alokasyon sa a, ou kapab sèvi avèk li kòm yon resous pou ou kapab peye lwave ou pa t peye a. Si ou pèdi travay ou epi ou poko fè demann pou alokasyon chomaj, ou kapab jwenn plis enfòmasyon konsènan fason ou kapab fè demann alokasyon chomaj la nan: www.usa.gov/unemployment; www.careeronestop.org/LocalHelp/UnemploymentBenefits. Remake: lòt \$600 yo bay kòm alokasyon chomaj tanporè chak semèn nan selon pwoizyon ki genyen nan Lwa CARES la ap espire apati 31 jiyè 2020 epi si ou fè demann kounye a sa p ap fè vèisman lòt alokasyon chomaj la yon bagay ki garanti, men ou kapab toujou kalifye pou aspirans chomaj ki regilye.
- (4) PHA lokal pa w la kapab konnen **resous lokal** ki kapab ede ou ak pwoblèm lwave w la, epi li kapab konnen sèvis piblik ak lòt sèvis ki kapab ede ou ak bezwen ki esansyèl ou yo tou. Ou kapab konpoze 211 sou nenpòt telefòn oubyen ou kapab ale sou 211.org pou ou kapab jwenn enfòmasyon konsènan èd finansye yo bay nan ka ijans lan tou. Tanpri ale li pati ki genyen enfòmasyon konsènan sèvis ak resous ki nan fen dokiman sa a pou ou kapab jwenn lis resous ki posib yo.

➤ **Kisa antant sou peyman dèt lwave an ye epi ki kondisyon antant sa a dwe genyen pou mwen kapab evite yo fè mwen sòti nan lojman an?**

Yon antant sou pèyman dèt lwave se yon dokiman ki ekri epi li se yon kontra ki siyen ant ou menm ak PHA (li fèt pou moun ki nan pwogram lojman piblik yo) oubyen li se yon kontra ekri ki siyen ant ou menm ak pwopriyetè w la (pou moun ki nan pwogram Chèk pou lwave a) ki presize ki kantite lajan ou dwe sou lwave a ak yon antant ou genyen sou ki kantite ou ap peye chak mwa epi ki presize ki kantite mwa sa ap pran (pa egzanp, ou kapab dwe \$500 epi ou dakò pou ou peye yon lòt \$50, anplis kantite lajan ou ap peye pou lwave a regilyèman an, chak mwa, pandan 10 mwa). Antant ki konkli sou pèyman dèt lwave a ap fèt selon

desizyon PHA a oubyen li ap fèt selon desizyon pwopriyetè a. Si ou an reta nan antant sou pèyman dèt lwave ou genyen an oubyen ou pa respekte antant lan sa kapab lakoz yo kanpe kesyon lokasyon an ak/oubyen kesyon èd la. Pou moun ki nan pwogram lojman biblik yo, yo dekri kondisyon antant sou pèyman dèt lwave a nan Prensip sou Kesyon Dwa ou genyen pou ou Antre Nan Yon Pwogram Lojman Biblik ak Nan Pwogram Lojman Lokatè Kontinye Okipe (ACOP, Admission and Continued Occupancy Policy) a epi yo dekri li nan antant sou pèyman dèt lwave ki alekri a tou. Moun ki nan pwogram Chèk pou lwave a ap bezwen negosye ak pwopriyetè pa yo a dirèkteman pou yo kapab presize kondisyon antant sou pèyman dèt lwave a.



Enfòmasyon Konsènan COVID-19 & Enfòmasyon Konsènan Pwoblèm Sekirite

➤ **Kisa mwen dwe fè si yo fè tès pou mwen epi yo dekouvri mwen genyen COVID-19?**

PHA pa w la kapab mande ou pou ale bay rapò sou sa pou kont ou si yo fè tès pou ou epi yo dekouvri ou genyen kowonaviris oubyen si ou te menm kote ak yon moun yo fè tès pou li epi yo dekouvri li genyen kowonaviris pou ou kapab pèmèt lòt lokatè yo ak pèsonèl la pwoteje kont viris la. Ou pa oblige di PHA pa w la oubyen pwopriyetè pa w la si ou te fè tès. Men, si ou pataje enfòmasyon sa a sa kapab pèmèt ou pwoteje pèsonèl la ak lòt moun ou kapab te kontakte yo.

➤ **Èske se dwa mwen pou m konnen si genyen lòt lokatè yo fè tès pou yo epi yo dekouvri yo genyen COVID-19?**

PHA pa w la pa genyen dwa pou li pataje yon tès COVID-19 ki aktif avèk ou. Men, genyen kèk PHA ki kapab enfòme lokatè yo si genyen yon moun ki nan lojman pa yo a yo fè tès pou li epi yo dekouvri li genyen COVID-19.

➤ **E si genyen kesyon konsènan netwayaj lojman mwen an ki enkyete mwen?**

Ou dwe toujou kontyne kontakte PHA pa w la oubyen ou dwe toujou kontyne kontakte pwopriyetè pa w la si ou genyen kesyon konsènan jesyon ak netwayaj lojman w lan ki enkyete ou. Li posib pou yo pran reta pou yo reponn kesyon ki pa ijan ki enkyete ou yo oubyen yo kapab pran tan pou yo reponn ou demann ou fè oubyen yo kapab limite yo. Genyen kèk PHA ki kapab te fèmen espas fizik biwo yo genyen yo pou yo kapab redui pwopagasyon COVID-19 la, men yo disponib pa telefòn, yo disponib pa imèl, oubyen yo disponib sou yon platfòm yo genyen sou entènèt. Genyen kèk biwo ki kapab te redui èd an pèsòn yo bay ak/oubyen genyen kèk biwo ki kapab reponn demann ki ijan yo sèlman. Verifye si genyen bwochi ki disponib oubyen verifye si genyen enfòmasyon ki disponib yo pibliye nan lokal kote ou ye a oubyen yo pibliye nan biwo jesyon pwopriyete a ki genyen plis enfòmasyon.

➤ **Èske yo egzije PHA pou li fè yon pwofesyonèl netwaye lojman kote mwen ye a si genyen moun ladan li ki enfekte?**

Non, PHA a responsab pou li fè netwayaj nan espas lokatè pataje yo epi ou menm ou responsab pou ou fè netwayaj nan lojman kote ou ye a.

➤ **Ki fason Konsèy Rezidan mwen an kapab ede lokatè yo pandan moman sa a?**

Konsèy Rezidan yo kapab bay èd nan kad efò yo ap fè pou yo kapab konbat pwopagasyon COVID-19 la nan mete tèt ansanm ak ajans lokal yo pou yo kapab bay lokatè yo fòmasyon ak resous, nan mennen ankèt epi nan ranmase done ki konsène sèvis yo bay nan kad pwopagasyon COVID-19 la nan men rezidan yo ak

pwoblèm yo dwe abòde ak PHA, epi nan mete resous lokal ki genyen yo ansanm sou yon lis. Konsèy Rezidan yo kapab sèvi ak lajan lokatè yo bay kòm patisipasyon an pou yo achte yon abònman teknoloji video-konferans tou (tankou Zoom) pou yo kapab anime rankont sou entènèt epi pou yo kapab fè fòmasyon sou entènèt epi pou yo achte sèvis ki pèmèt ou voye mesaj bay plizyè moun ki abòne an menm tan pou ou kapab voye mesaj ki enpòtan ba yo (tankou Twilio, Simpletexting, oubyen eztexting).

➤ **E si mwen pa an mezi pou mwen respekte Egzijans sou kesyon Sèvis Kominotè a ak Egzijans sou Kesyon Otonomi (CSSR, Community Service and Self Sufficiency Requirement) an nan sa ki konsène lojman publik akoz COVID-19 la?**

CSSR konsène moun ki nan pwogram lojman publik yo sèlman, li pa konsène moun ki nan pwogram Chèk pou lojman yo. PHA pa w la kapab te pran yon desizyon ki ba ou pèmisyon pou ou pa respekte egzijans konsènan sèvis kominotè a akoz COVID-19 la. Mande si PHA pa w la te pran yon desizyon ki ba ou pèmisyon pou ou pa respekte yon egzijans epi kontakte pèsonèl sèvis rezidan PHA pa w la oubyen kontakte kòdonatè sèvis yo pou yo kapab ede ou jwenn sèvis kominotè ak aktivite otonomi ak gid sou fason pou ou konfòme ou ak egzijans yo.

➤ **Èske mwen kapab egzije enspektè yo pou yo mete ekipman pwoteksyon pèsonèl (PPE, protective equipment) sou yo avan yo antre nan lojman mwen an?**

Wi, si ou pa santi ou alèz pou ou kite pèsonèl PHA a antre lakay ou san yo pa mete PPE sou yo, tankou bagay ki bare figi yo oubyen mask, tanpri mande pèsonèl PHA a pou yo suiv gid Sant pou Kontwòl Maladi (CDC, Centers for Disease Control) a ak rekòmandasyon eta a oubyen rekòmandasyon responsab sante lokal yo ak tout jantiyès.

Pwoteksyon kont Vyolans Nan Fwaye ak Pwoteksyon kont Vyolans Seksyèl



➤ **Kisa VAWA a ye? Epi èske lwa VAWA a pwoteje mwen?**

- Lwa sou Vyolans kont Fanm nan (VAWA, Violence Against Women Act) pwoteje moun yo kont vyolans nan fwaye, li pwoteje yo kont vyolans nan moun yo frekante, li pwoteje yo kont agresyon seksyèl, epi li pwoteje yo kont asèlman (sa yo rele "krim selon lwa VAWA yo").
- Pwoteksyon sa yo disponib pou tout moun san yo pa gade sou ki sèks yo genyen.

➤ **Èske karantèn ki genyen akoz COVID-19 la te fè pwoteksyon mwen genyen selon lwa VAWA a chanje?**

- Non, si ou viktim yon krim selon lwa VAWA a, pwoteksyon ou genyen yo pa chanje pandan peryòd COVID-19 la. Yo pa kapab refize ede ou oubyen yo pa kapab kanpe èd ou genyen pou sa ki konsène vyolans nan fwaye, pou sa ki konsène vyolans nan moun ou frekante, pou sa ki konsène agresyon seksyèl, oubyen pou sa ki konsène asèlman oubyen ki se koz dirèk tout vyolans sa yo.
- Anplis, si ou viktim krim selon lwa VAWA a yo pa kapab konsidere li tankou yon vyolasyon ki grav oubyen yo pa kapab konsidre li tankou yon vyolasyon kontra lwaye w la ki grav oubyen yo pa kapab konsidere li tankou yon rezon ki valab pou yo ni kanpe èd ou a, ni kanpe lwaye w la oubyen pou yo fè ou sispann itilize lojman an. Men, PHA a oubyen pwopriyetè a ap evalye bagay ki pase a ka-pa-ka lè genyen yon menas ki reyèl epi ki danje pou lòt lokatè ki prezan yo.

- **E si mwen bezwen deplase pou mwen kapab chape kò mwen anba move trètmman pandan peryòd COVID-19 la?**
 - Ou kapab toujou mande PHA pa w la pou li ba ou yon transfè. Yo egzije tout PHA pou yo genyen yon plan transfè ijan ki esplike an detay ki moun ki kalifye, ki esplike an detay ki dokiman ki nesesè (si genyen), ki esplike an detay fason PHA ap pwoteje enfòmasyon sekrè ou yo, epi ki esplike fason PHA ap trete demann transfè ki ijan yo.
- **Ki kalite dokiman mwen ap bezwen pou mwen fè yon demann transfè ki ijan?**
 - Yo pa egzije PHA yo pou yo mande dokiman epi yo kapab asepte yon deklarasyon vèbal. Yo ap ajoute egzijans dokiman yo nan plan transfè ijan PHA a.
 - Si yo egzije ou pou ou bay dokiman, ou kapab bay nenpòt nan opsyon dokiman sa yo selon sa ou chwazi: ou kapab bay yon dokiman ki sètifye tèt li nan itilize yon ([Form HUD-5382](#)) **oubyen** ou kapab bay dokiman yon moun ki te ede ou nan move trètman ou t ap sibi (tankou yon anplwaye, yon ajan, oubyen yon volontè ki bay moun ki viktim sèvis, yon avoka, yon pwofesyonèl sante oubyen yon pwofesyonèl ki nan domèn sante mantal) **oubyen** ou kapab bay yon dosye administratif (ansanm ak rapò lapolis ak òdonans pwoteksyon).
- **E si mwen bezwen mete moun ki ap maltrete mwen an deyò nan lojman mwen an pandan peryòd COVID-19 la?**
 - Yo toujou pwoteje dwa ou genyen selon Iwa VAWA a pandan peryòd COVID-19 la. Si genyen yon manm nan fwaye a ki enplike nan aktivite kriminèl ki genyen rapò dirèk ak yon krim selon Iwa VAWA a, kontakte PHA pa w la oubyen kontakte pwopriyetè pa w la pou nou kapab diskite sou opsyon ki disponib pou ou yo.
- **Ki fason ki si mwen kapab kominike ak yon PHA epi ki fason ki pi sekrè mwen kapab fè sa nan ka kote agresè a se yon manm nan fwaye mwen?**
 - Tanpri fè PHA konnen ki fason ki pi si li kapab kominike avèk ou. Tout enfòmasyon ou pataje ak PHA yo dwe rete sekrè nèt.
- **Èske sa vle di yo pa kabap fè yon lokatè ki viktim yon krim selon Iwa VAWA a sòti nan yon lojman oubyen sa vle di yo pa kapab fè yo kanpe èd yo ba li a?**
 - Non, Iwa VAWA a pa entèdi yon PHA oubyen yon pwopriyetè pou li fè yon lokatè sòti nan yon lojman oubyen li pa entèdi li pou li kanpe èd la akoz genyen vyolasyon ki pa chita sou yon krim selon Iwa VAWA ki fèt. PHA a oubyen pwopriyetè a dwe trete ou selon menm pensip la menm jan ak lòt lokatè yo. PHA/pwopriyetè a kapab toujou fè ou sòti nan lojman an paske genyen vyolasyon selon Iwa VAWA a ki grav oubyen ki repete ki fèt si PHA/pwopriyetè a kapab pwouve bagay ki pase a se yon menas ki reyèl epi ki grav pou lòt lokatè oubyen pou pèsònèl la ki nan lojman an.
- **Èske yo oblige PHA pou li ban mwen enfòmasyon konsènan pwoteksyon lojman mwen genyen selon Iwa VAWA a?**
 - Wi, PHA pa w la dwe ba ou enfòmasyon konsènan pwoteksyon ou genyen selon Iwa VAWA a pa pita pase lè yo kanpe Dwa pou ou Antre Nan Lojman Piblik ou genyen an oubyen èd ou a, lè yo ba ou èd, epi lè ou resevwa enfòmasyon ki di èd ou a kanpe.
- **Kisa pou mwen fè si mwen santi mwen boulvèse, si mwen santi mwen an danje, oubyen si mwen bezwe pale ak yon moun lapoula?**
 - Pou ou kapab jwenn èd pou yon relasyon ki genyen vyolans ladan li epi ki danje, ou kapab rele nan Liy Dirèk Kote Yo Ede Moun ki ap Sibi Vyolans nan Fwaye ki pou tout Peyi a (National Domestic Violence Hotline) nan 1-800-799-7233 oubyen, moun ki genyen pwoblèm tandem yo, rele nan 1-800-787-3224 ki se

yon liy telefòn yo itilize pou moun ki genyen pwoblèm tandem kapab voye mesaj tèks (TTY, Text Telephone) oubyen voye yon mesaj tèks bay LOVEIS nan 22522.

- Pou ou kapab jwenn èd kont agresyon seksyèl, ou kapab kontakte Liy Dirèk Sèvis pou Agresyon Seksyèl ki pou Tout Peyi a (National Sexual Assault Hotline) ki se yon Rezo Nasyonl Ki Ap Lite Kont Kadejak, Vyołans & Fè Bagay Ak Paran ki Pwòch (RAINNR, Rape, Abuse & Incest National Network) nan 1-800-656-4673.
- **Lòt Resous:**
 - Pou ou kapab jwenn èd kont asèlman, ale sou sitwèb Sant Resous pou Viktim Krim Asèlman an ki se <https://www.victimsofcrime.org/our-programs/stalking-resource-center>.
 - Pou ou kapab jwenn yon repètwa asosiyasyon lokal ki genyen pou chak eta, ale sou sitwèb Asosiyasyon Nasyonal Ki ap Lite Kont Vyołans nan Fwaye ki pou tout Peyi (National Coalition Against Domestic Violence) a ki se <https://ncadv.org/state-coalitions>.



Sèvis ak Resous

- **Èd Pa Telefòn Pou Moun Ki An Detrès Lè Genyen Katastwòf** – 1 (800) 985-5990 – se yon liy dirèk ki pou tout peyi a kote yo bay konsèy imedya nan noman kriz pou moun ki boulvèse sou plan emosyonèl akoz yon katastwòf ki natirèl oubyen akoz yon katastwòf moun pwvoke.
- **Èd Pa Telefòn Pou Moun Ki Sibi Vyołans nan Fwaye** – Ale sou sitwèb <https://www.thehotline.org> la oubyen rele nan 1 (800) 799-7233 oubyen itilize Liy Telefòn Yo Itilize Pou Moun Ki Genyen Pwoblèm Tande Kapab Voye Mesaj Tèks (TTY, Text Telephone) la 1 (800) 787-3224 – se yon liy telefòn dirèk ki prive pou nenpòt moun ki ap sibi vyołans nan fwaye, ki bezwen enfòmasyon, oubyen ki bezwen poze kesyon sou aspè nan relasyon yo genyen ki ap mal mache. Si ou pa kapab pale nan telefòn yon fason ou santi ou an sekirite, voye yon mesaj tèks bay LOVEIS nan 1 (866) 331-9474 oubyen ale sou sit entènèt la pou ou kapab lanse yon konvèsasyon sou entènèt.
- **211** – Konpoze 211 sou nenpòt telefòn oubyen ale sou sitwèb 211.org la epi chèche pa kòd postal– se yon liy dirèk ki kapab mete ou an kontak ak sèvis ki kapab ba ou èd ann ijans epi ki kapab mete ou an kontak ak lòt sèvis èd ki nan kominate kote ou ap viv la. Tout apèl yo sekrè, ou kapab bay apèl enkoni, epi moun ki rele yo kapab mande sèvis entèpretasyon pou 180 lang.
- **Asirans Chomaj** – www.usa.gov/unemployment – Chèche konnen si ou kalifye pou alokasyon chomaj. Nan nouvo lwa federal la genyen pwovizyon ki fèt pou alokasyon chomaj pou travayè endepandan yo ak pou travayè tanporè yo, yo ajoute \$600 sou alokasyon chomaj yo bay chak semèn nan, epi yo ajoute 13 semèn alokasyon sou kantite semèn yon eta bay aktyèlman an. Mete sou sa, yo bay eta yo pèmisyon pou yo bay alokasyon chomaj ki genyen rapò ak COVID-19 la, espesyalman lè yon moun kite travay li akoz risk li genyen pou li menm kote ak moun ki enfekte oubyen lè li kite li akoz risk li genyen pou li enfekte oubyen lè li kite li pou li kapab pran swen yon manm nan fanmi li; lè genyen yon patwon ki sispann fonksyon tanporèman akoz COVID-19 la, sa ki vle di anplwaye yo pa kapab ale travay; lè genyen yon anplwaye ki an karantèn men ki espere tounen al travay lè moman karantèn nan fini.
- **Zouti Rechèch Alokasyon Chomaj Career One Stop** – www.careeronestop.org/LocalHelp/UnemploymentBenefits – ChècheChèche konnen ki jan pou ou fè demann alokasyon chomaj nan eta kote ou abite a.
- **Alokasyon Gouvènman An Bay Moun COVID-19 La Fè Enpak Sou Ekonomi Yo** – <https://www.irs.gov/coronavirus/get-my-payment> – ChècheChèche konnen si ou kalifye pou ou jwenn

Alokasyon Gouvènman An Bay Moun COVID-19 La Fè Enpak Sou Ekonomi Yo an soti nan \$1,200 ale nan \$2,400 (li menm plis pou moun ki sou kont lòt moun yo epi ki kalifye).

- **Preparasyon Deklarasyon Revni Gratis** – <https://irs.treasury.gov/freetaxprep> – Jwenn èd pou ou kapab prepare deklarasyon revni ou nan men volontè ki gen fòmasyon pou sa bay gratis.
- **Ajans Aksyon Kominotè** – <https://communityactionpartnership.com/find-a-cap/> – kontakte Ajans Aksyon Kominotè lokal pa w la pou ou kapab konnen ki sèvis yo kapab ofri ou, tankou èd nan pèyman ann ijans pou lwaye oubyen èd pou sèvis piblik.
- **Èd Nan Peye Fakti** – www.usa.gov/help-with-bills – ChècheChèche enfòmasyon sou pwogram gouvènman genyen ki kapab ede ou peye fakti enèji nan kay ou epi ki kapab ede ou peye lòt depans ankò.
- **Èd Tanporè Pou Fanmi Ki Nan Bezwèn (TANF, Temporary Assistance for Needy Families)** – <https://www.benefits.gov/benefit/613>
- **Childcare** - <https://www.childcare.gov/covid-19> - li bay enfòmasyon konsènan resous childcare ki nan eta kote ou abite a, ansam ak èd sou fason ou kapab jwenn èd nan men childcare.
- **Travay Ki Disponib Akoz COVID-19 La Lapoula** – <https://needajobnow.usnlx.com> – se yon sitwèb ki fè lis travay plizyè patwon genyen ki ap chèche moun ki pou okipe pòs yo kounye a.